Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)


2026 соналъул 13 февраль Рузман № 6 (7937) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА


**Нилъер къуват цолъиялъулъ**

## 2026 сон-Россиялъул халкъазул цолъиялъул лъагIел

Нилъер улкаялда 2026 сон лъазабун буго Россиялъул халкъазул цолъиялъул лъагIелллъун. Гьелъул магIна ккола гIагараб заманалда жаниб гIемермиллататалъулаб нилъер улка халкъазул цолъиялдалъун ва цоцада ричIчIиялдалъун къуватаб лъугьине ккей.




Араб соналъул ноябралда Владимир Путиница тасдикъ гьабуна 2036 соналде щвезегIан РФялъул пачалихъияб миллияб политикияб стратегия. Гьелда рекъон хIукуматалда тIадкъана гьеб стратегия гIумруялде бахъинабизе тадбиразул план хIадур гьабизе.

2026 сон Россиялъул халкъазул лъагIелллъун лъазаби ккола нилъер улка цебетIеялъе миллияб цолъи кIвар бугеб суал ккколелъи лъазабун Россиялъул халкъалде ва тIолгодунялалде гьабулеб чIванкъотIараб сигнал.

Цолъи ва патриотизм кидаго букIана нилъер халкъалъе захIматал хIалбихьиязулъ щулияб мугъчIвайлъун. Жакъа нилъеца гIемер бицуна халкъазул цолъиялъул, гьелъул гьунккиялъул хIакъалъулъ. Амма гьеб жибго декларациябаздалъун бижуларо, гьеб бижула нилъер гIадатияб гIумруялъулъ, миллияб цольиялъулъ, мадугьаллъиялъулъ ва гьудул-гьалмагълъиялъулъ. Миллат гIемерлъи гьеб ккола нилъер хасльи ва жавабчилъи. ГIемер хIалбихьана НАТОялъул ва Евросоюзалъул пачалихъаз Россия миллиябгун динияб рахъалъ бикьизе, амма тарихалъ жеги-жеги бихьизабулеб буго цоцазул къимат бичIчIулелллъун нилъ ругебгIан мехалъ, лъиданиги кIолареблъи нилъ рикьизе.

Нилъеца жигар бахъизе ккола Россиялъул къуват гьелъул халкъалъул цолъиялъулъ букIин бихьизабизе. Жакъа Россиялъул халкъ унго-унгояб хIалалъ цолъичIони, тIаде бачIине бегьула захIматаб заман. Гьеб нилъеда лъазе ккола.

Россиялъул Президент Владимир Путиница кIвар кьолеб буго нилъер халкъалъул цолъиялде ва гьункиялде. Нилъер буго бечедаб тарихги, ракьги, тIабигIатги бугеб къуватаб улка. Нилъ гIадин тарихалдаса чIухIизе рес бугел цоги пачалихъал гьечIо.

2026 сон Россиялъул халкъазул цолъиялъул сонлъун лъазабиялъул мурад ккола гIемер миллатал ругеб нилъер халкъалъул гьудуллъи щулалъи ва гьел цоцада ричIчIи, гьеб балагьизабураб буго нилъер миллияб цолъиялде ва халкъалда гьоркьоб рекъел букIинабиялде. Гьелъ рес кьезе буго цоцазул къимат гьаби щулалъизе, маданияталъул батIи-батIияв рахъазда гьоркьоб гIаммаб рахъ батизе, гьелъие кверчIвай гьабизе.

Исана хIисабалде босун буго гьеб рахъалъ гьаризесел тадбиразул кIудияб программа. КIудияб кIвар кьолеб буго лъайкьеялде. ХIадур гьарун руго Россиялъул халкъалъул мацIал лъазариялде, гьанжесеб заманалъул тарихалъул ва маданияталъул цIалул материалал хIадур гьариялде ралагьизарурал проектал. Улкаялда 30 апрель лъазабун буго росу-ракь ккурал дагъаб къадаралъул гIадамазул кьолъун, 8 сентябрь, Расул ХIамзатов гьавураб кьо, лъазабун буго Россиялъул халкъазул мацIазул кьолъун.

5 февралалда Владимир Путиница байбихьи лъуна Россиялъул халкъазул сонада бан тIоритIулел тадбирaзе.

-Улкаялъул цебетIеялъе ва гьелъул бергьенлъабазе къучIлъун ккола къей лъалареб халкъалъул цолъи,-ян абуна Владимир Путиница Россиялъул халкъазул сонада бан тIоритIулел тадбиразе байбихьи лъолаго.

**ГI. Малачдибиров**

**Нилъерал рехун толаро**

## Вацал - рагъул бахIарзал

БахIарчи гьавуларин, бахIарчилъун вахъунин буго магIарулазул


ГIиса

аби. Гьеб бихьулеб буго жакъа Украиналда унеб рагъда. Жакъа бицен гьабизе бокьун буго васазул къвакIи-лъадариялъулги, лъимал сах-саламат рокъор руссинин абун эбелалъул бугеб загIипабго божихьулалъулги, жакъасеб кьоялъул бахIарзал, кор боркьараб рагъул цересел кьеразулъ ругел ва рукIарал Гъоркьхъварщиниса вацал ГIиса, Муса ва МухIамадрасул Малачовазул хIакъалъулъ, гьезул мисалаздалъун пикру гьабизе хвалил бадиреги ралагьун ругел гIолохъабазул рекIел къвакIиялъул, кьвариялъул ва кьохIехьеялъул.

Хасаб рагъулаб операция жакъа нилъер гIолохъабазе ккана гьаялъе ритIухълъиги багьадурлъиги гIадатиял рагIабилълун гуреб, рагъул кьогIлъи жубараб хIакъикъатлъун. СВОялъул бахIарзал ккола кьварарал умумузул мисалалда жакъасеб кьоялъул тарих хвалел чагIи. Гьезул бадиб бихьула кьвари, тавакал ва ВатIаналде бугеб гIорхьи гьечIеб рокьи...

Араб соналъ ГIиса Малачов «Джигит» тIокIцIаргун ункъо моцIалъе жиндиего бокьун кьотIи-кьайги хван ана рагъде «Ахмат» спецназалда гьорлъ. Ругьунлъабазде Луганскиялде витIарав гьев моцIидасан витIула Харьковалъул рахъалде Апти Алаудиновасул нухмалъиялда гьоркь бугеб «Каштан» батальоналъул кьерулъе. Гьениб гьес-жигараб гIахьаллъи гьабулаан гIорхьаби цIуниялъулъ. Аллагьасул кумекалдалъун сах-саламат, заралзиян ккечIого рокъове тIадвуссана. Рокъове тIадвуссарав ГIисал рекIее хIалхьи букIинчIо рагъул цебесеб кьерда тарал гьудул-гьалмагъзаби ракIалде щун. ЯхIго гьабизе кIвечIо гьесда, нахъеги ана доброго спецназалда кьотIи-кьайги хван, ана рагъде. Гьаб нухалъ гьев ккола Курскиялде. Гьенив кIицIул лъукъана ГIиса. Бохалде щвараб ругьун сах гьабизе гьев вегана Курск шагьаралъул госпиталалда. Сахлъун хадув цIидасан тIадвуссана кьерде. Гьоркьоб моцI иналде минаялде тIадеги ккун, кIиабизеги лъукъана. Госпиталалда вукIадго бачIана гьесухъе пашманаб хабар-рагъулаб тIадкъай тIубалаго гьитIинав вац Муса хванин абун. Жиндирго гIумруялье хIинкъи цIикIкIараб букIиналъухъ балагьичIого, Мусаца анкьго гьалмагъ хвасар гьавуна, амма живго ворчIичIо рекIкIаб гуллидаса. ГьитIинав вац хвей захIмалъарав ГIисал сахгьавиялъул болжал халатбахъана ва кьотIи-кьай рагIалде щведал, рокъове тIад вуссана. Вац камиялъул гьиралъул бакIлъиялъ нахъвуссун ине гьесда бажаричIо.

Гьезул вац МухIамадрасулил буго гIицIго 22 сон. Лъимерлъудасанго инвалид вукIиналъ, гьединазе хасгьабураб школа-интернаталда Аксаялда цIаларав гьев армиялде вачунев вукIинчIо. Амма живги цогидаздаса батIиявги, кьаравги гьечIеблъи бихьизабизе бугеб гьираялъ хьвала МухIамадрасулица


МухIамадрасул

кьотIи-кьай, ва бихьизабуна ВатIан цIунизе сакъатаздаги кIолеблъи. «ЦIумадисев» тIокIцIаргун сапар бухьана гьесги Луганскиялде, ругьунлъаби лъугIун хадув витIула Харьковалъул рахъалде. Цогидазе мисалияб куцалда рагъулаб хьулухъги тIубан сах-саламат рокъове вачIана.

Муса вукIана рагъде арал вацазда гьоркьов бищун гьитIинав, 2007 соналъ гьавурав. Гьевги вукIана лъимерлъудасанго инвалид ва МухIамадрасулгун цIалана Аксаялда. МухIамадрасулго гIадин, армиялде вачине инкар гьабурав чи ана гьев кьотIи-кьайги хван ВатIаналъул гIорхьаби цIунизе. «ЦIум» тIокIцIаралда гьоркь хьвана гьесги араб соналъул август моцIалда «Ахмат» спецназалда кьотIи-кьай. Луганск шагьаралда ругьунлъаби лъугIарав гIолилав витIула Сумскиялъул Кучеревкаялъул рахъалде. Ноябралда минаялде тIадеги ккун лъукъарав гьесул чорхолъа минаялъул ичIго кесек бахъана тохтурзабаз. Сахлъаравго, 10 декабралда тIадвуссана рагъулаб часталде, амма Аллагьасул къадар нилъехъан гьукъун чIолеб жо гурелъул, хадусеб кьоялъго, кьоринире ккарал гьалмагъзаби хвасар гьарулаго,


Муса

цIидасан лъукъана. Анкьгоявги эркен гьавун, микьабилев мугъзада ваччулаго, газалъул марщулъув гьанкъана.

ГьитIинго рукIун гьел - яцгун ункъо вац хьихьана эбелалъгун кIодоэбелалъ. Бигьаго букIинчIо руччабазе гIажизал лъимал гIезаризе. Амма гьел кьуркьичIо захIмалъабазе, кIудиязул адаб, гьитIиназул хIурмат гьабулел, каралъуб кьо борхулелллъун гIуна лъимал. Гьезул бахIарчилъи буго умумузул бахIарчилъиги, жавабчилъиги, кьвариги чорхолъ бесси,-ян абуна «Память гор» жамгIияб гIуцIиялъул Хасавюрт шагьаралъул отделениялъул нухмалъулесул заместитель АхIмад Рамазановас…

БитIараб буго. Гьезул инсул эмен Малач вукIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, эбелалъул эмен - Афгъанистаналъул рагъул ветеран. ВатIаналде рокьиги, тушманасде щинги бидулъ бессун буго нилъер гIолохъабазулъ. Гьел руго нилъер жакъасеб кьоялъул цIарги, цIваги, цIагги, ракълилаб букIинеселде божильиги. Гьединазулгун харбида рукIадго бичIчIула «нилъералго рехун толаро» абураб калам гьадинго абулеб ахIи гуреб, гIумрудул масаб букIин.

ВатIаналде кьо ккарал кьояз умумул гIадин, жакъаги цебесеб кьерда руго нилъер гIолохъаби. Гьединаздаса цоял ккола жакьа бицен гьабурал Гъоркьхъварщиниса вацал ГIисагун МухIамадрасул ва бахIарчиго хварав Муса.

**Хадижат Залимханова**

ЦIияб тIехь

# Парижалъул матIуялдасан дир ТIисси



7 февралалда МахIачхъалаяда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда тIобитIана шагIир Савдат ХIажиевалъул «Парижалъул матIуялдасан дир ТIисси» абураб кучIдузул тIехьалъул цебелъей.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул художниказул Союзалъул председатель КъурбангIали МухIамадовас, Россиялъул журналистазулгун хъвадарухъабазул Союзазул член Мурад АхIмадовас, профессор Назир ГIалиевас, «VIPкулинарии» идараялъул генералияй директор Кумсият Мирзаевалъ, Дагъистаналъул тIахъазул издательствоялъул авар секциялъул нухмалъулей ГIайшат ГIалиевалъ, «Память гор» ассоциациялъул Хасавюрт районалда вугев вакил АхIмад Рамазановас, Пятигорскалъул экономикаялъулгун инновационниял технологиязул техникумалъул директор Шамхалдибир ГIисаевас, рагъулабгун патриотикияб гIуцIиялъул регионалияб отделениялъул председатель Энрик Муслимовас, республикаялъул руччабазул советалъул председатель Хасайбат Валиевалъ, районаздаса шагьараздаса вакилзабаз ва поэзия бокьулез.



Савдат ХIажиевалъ бицана Франциялде ккеялъул, рикIкIадаб 2012 соналъ Эйфелалъул сси бихьарабго, жиндирго тIоцебесеб «Алжаналъул рагIалда» абураб кечI магIарул мацIалда чвахун бачIиналъул ва гьелдаса нахъе кучIдул хъваялъул, тIехьалъе цIар кьеялъул,- кучIдузул гIемеррахъазулаб тематикаялъул. ТIиссиса ХIажиев МухIамадил хъизан (Савдатил эмен) яшав гьабун Хасавюрт районалъул Могилевское росулъ рукIиналъ, авар мацIалда цIализе-хъвазе лъаларей гIаданалъе, кIудияй гIедал цIидасан яхъун авар алфавит лъазабизе захIмат букIиналъул, амма сапар бухьарас гурони нух толаребльи бичIчIулей магIарулалъ, гьеб борхалъиги нахъе теялъул хIакъалъулъ букIана Савдатил тадбир бачуней Арина Ганиевалъулгун гара-чIвари.



Франгазул мацI лъазабизе кIварай жинда, гIагараб магIарулищ лъаларебан байбихьун буго мацI лъазабизе. Рокьоб тIиссадерилги, къватIиб франгазулги бицаниги, магIаруллъиялъул гьудул-гьалмагъзабигун ва рекIел пикрабигун аварги бицунин йиго гьей. Къисматалъ ватIаналдаса рикIкIаде ккеялъ гIагараб каламалъухъ урхьарай Савдатица жигар бахъула магIарул мацI жиндирго лъималазул лъималазда малъизеги.

ТIехьалъул ва Савдатил гIумруялъул бицун кIалъазе рахъарал КъурбангIали МухIамадовас, МухIамад Коратовас, ГъазимухIамад ХIажимухIамадовас, ЯхIия Мамадибировас, Заурбег МухIамадовас, Назир ГIалиевас,



Мурад АхIмадовас, АхIмад Рамазановас, Энрик Муслимовас, ГIайшат ГIалиевалъ, Зулейхат Мусаевалъ, Жамилят Пахрудиновалъ, Хасайбат Валиевалъ ва цогидазги ракI-ракIалъ баркана Савдат ХIажиевалда тIоцебесеб тIехь къватIибе бачIин, гьарана творчествоялъул цебетIей, пагьму-гьунар, къуна шапакъаталги.

Савдатил гIагараб ракьалде бугеб рокьи бихьизабурал, Украинаялда унеб рагъул гIахьалчагIазе сайгъат гьарурал кучIдул цIалана республикаялъул батIи-батIиял школаздаса цIалдохъабаз.

Хасаб чIагоlьи къуна Мадина Расуловалъул ва Каримулагь ГIабдулаевасул музыкалияб церерахъиназги.

14 соналъ гIагараб ракьалдаса рикIкIада йигей Савдатида кIвана поэзияги адабиятги бокьулел данде гьаризе, тадбир ана рохалилаб ахIвал-хIалалда.

**Хадижат Залимханова**

# МутагIилзабазул къецал

Араб анкьалъ Агъвали кIудияб мажгиталда тIоритIана гIисинал лъималазда гьоркьоб хирияб Къуръан цIалиялъул ва берцинго как баялъул рахъалъ къецал.



Гьениб гIахьаллъи гьабуна 10 лъимералъ. Къуръан малъиялъул мугIалимзаби Абубакар Абубакаровасул, МухIамад Гъазиевасул, МухIамадсултан Иманшапиевасул ва АхIмад МухIамадовасул мутагIилзабаз бихьизабуна Аллагьасул хирияб калам лъазабизе бугеб гьираги махщелги. Балагьизе рачIарал цIураб мажгит букIаниги, лъималаз риххичIого къосичIого тIуразаруна къецалъул тIалабал. Бихьулеб букIана жало гьитIинал рукIаниги, гьунар кIодочал гьел рукIин, жавабчилъиялда цIалулел рукIин.

Спорталъулъго гIадин, гьаниргиабуни бегьула, хIалуцарал рукIанин къецалилан. Гьелъул хIасилалда дандиязда тIад ракI-чIараб бергьенлъи босана ГъазимухIамад АхIмадовас, кIиабилеб бакIалде ккана МухIамадрасул ИзрагIилов (Агъвали) ва лъабабилел бакIал рикьана ТIиссахикьа ГIали МухIамадовасгун МахIмуд МухIамадовас.

Къецазда бергьаразе къуна грамотабигун гIарцулал сайгъатал. РукIана гьенир кIиго-лъабго жуз, хIатта, Бакъара сурацин рекIехъе лъазабурал лъималги. Гьаниб рехсезе бокьун буго анцIго финалистасда гьоркьоса щугояв ТIиссахикьа рукIин.

РакI-ракIалъ баркула гIисинал мутагIилзабазда щварал бергьенлъаби, гьарула гьезие щулияб иман, сахлъи, пагьму ва икьбал.

МухIамадсултан Иманшапиевас абухъего, баркал Къуръан цIализе хьвадулел лъималазул эбел-инсуеги Аллагьасул кири-даража цIикIкIараб гьеб ишалъулъ лъималазул рахъккеялъухъ, гьитIинго битIараб нухдасан ине гьезие квербакъиялъухъ.

ГIемерлъаги нилъее гьединал иман бугел лъимал.

**Хадижат Залимханова**

## Бюджет администрации сельского поселения «Село Гакко» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2026 | 2027 | 2028 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 22,4 | 22,4 | 22,4 |
| 2 | Налог на имущества | 7,6 | 7,6 | 7,6 |
| 3 | Земельный налог | 33,0 | 33,0 | 33,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 6,4 | 6,4 | 6,4 |
| 5 | Неналоговые доходы | 139,0 | 139,0 | 139,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **208,4** | **208,4** | **208,4** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 865,0 | 794,0 | 1393,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 257,2 | 307,0 | 372,6 |
| | **Итого** | **1122,2** | **1101,0** | **1765,6** |
| | **Всего доходов** | **1330,6** | **1309,4** | **1974,0** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1421,9** | **976,5** | **1578,9** |
| | в т.ч. зарплата | 948,1 | 750,0 | 1097,5 |
| 2 | **ВУС** | **257,2** | **307,0** | **372,6** |
| | в т.ч. зарплата | 178,3 | 178,3 | 178,3 |
| 3 | **ЖКХ** | **18,3** | **25,9** | **22,5** |
| | в т.ч. зарплата | | | |
| | **Всего расходов** | **1697,4** | **1309,4** | **1974,0** |
| | в т.ч. зарплата | 1126,4 | 928,3 | 1275,8 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Село Гакко»** **И. Магомедов**

**Оружие-выкуп**

# ОБРАЩЕНИЕ

**Уважаемые жители района!**

С 1 февраля по 31 декабря 2026 года на территории района проводится операция «Оружие-выкуп» по добровольной сдаче гражданами на возмездной основе незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.

В соответствии с примечанием к ст. 222 Уголовного кодекса РФ лицо, добровольно сдавшие оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества и взрывные устройства, освобождается от уголовной ответственности, если в его действиях не содержится иного состава преступления. ( ст.222 УК РФ).

Добровольная сдача незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств предусматривает денежные выплаты.

В 2025 году в ходе проведения операции «Оружие - выкуп» в территориальные органы МВД России на районном уровне гражданами добровольно сданы 222 единицы огнестрельного оружия. Из выделенных на эти цели пять миллионов рублей, выплачены 625 тысяч рублей.

Отдел МВД России по Цумадинскому району призывает жителей района к добровольной сдаче незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств.

За дополнительной информацией порядка выплаты денежного вознаграждения за добровольную сдачу незаконно хранящегося оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств можно обращаться в дежурную часть ОМВД России по Цумадинскому району по телефонам **89634105251, 89994185303**.

**ОМВД России по Цумадинскому району**

# СТОИМОСТЬ

**огнестрельного оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ для предполагаемого выкупа граиедан**

| п/п Наименование оружия, боеприпасов взрывчатых веществ | Цена в руб. |
|---|---|
| 1. Пистолет (в том числе автоматический пистолет Стечкина), револьвер | 55000 |
| 2. Автомат | 80000 |
| 3. Пулемет Калашникова его модификации | 85000 |
| 4. Ручной пулемет | 75000 |
| 5. Пистолет-пулемет | 50000 |
| 6. Автоматический гранатомет станковый | 25000 |
| 7. Подствольный гранатомет | 20000 |
| 8. Ручной противотанковый гранатомет | 20000 |
| 9. Одноразовый гранатомет | 15000 |
| 10. Малогабаритный реактивный огнемет | 25000 |
| 11. Снайперская винтовка | 60000 |
| 12. Охотничий карабин, винтовка с нарезным стволом | 15000 |
| 13. Охотничье гладкоствольное ружье | 3000 |
| 14. Газовые пистолеты, револьверы | 2000 |
| 15. Пистолеты, пистолеты-пулеметы, револьверы кустарного производства | 10000 |
| 16. Самодельное стреляющее устройство, ружье кустарного производства | 1000 |
| 17. Травматические пистолеты и револьверы | 3000 |
| 18. Газовые, травматические пистолеты револьверы, переделанные для стрельбы боевыми патронами | 20000 |
| 19. Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал промышленного изготовления) за 1 грамм | 8 |
| 20. Взрывное устройство (устройство, включающее себя ВВ и СВ) | 3000 |
| 21. Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу | 300 |
| 22. Штатный боеприпас (выстрелы, снаряды артиллерийскому вооружению) | 3000 |
| 23. Выстрел РПГ | 3000 |
| 24. Выстрел подствольным станковым гранатометам | 2000 |
| 25. Ручная граната | 2500 |
| 26. Мина | 2000 |
| 27. Патроны боеприпасы боевому стрелковому оружию до 12.7 калибра | 15 |
| 28. Патроны боеприпасы боевому стрелковому оружию 12.7 калибра более | 150 |
| 29. Запалы гранатам | 1000 |

**Динияб бокІон**

# Къуръаналъул моцІ

АлхІамдулиллагь, гьале исанаги тІаде щолеб буго хирияб Рамазан моцІ. Гьеб буго щибаб соналъ щивав бусурбанчи жиб бачІиналъухъ балагьун чІун урхьун вукІунеб моцІ. Хирияв Аварагас (с.т.гІ.в.) абун буго: «Ражаб буго Аллагьасул моцІ, ШагІбан - дир моцІ, Рамазан - дир умматалъул моцІ», - абун.

Умматалъул моцІ букІиналдаго цадахъ, Рамазан буго Къуръан жиндилъ рещтІараб, гІемер цІализе цІакъго цІакъ хирияб моцІ. Рамазан щведал имам Зугьайрица абулаан: «Гьаб буго Къуръан цІалиялъул ва садакъа кьеялъул моцІ», - абун. Ибну ХІакимица абуна: «Рамазан моцІ тІаде щведал, Къуръан цІалиялде машгъуллъун, имам Малик хІадис- гІелму цІалиялдаса ва гІалимзабигун гІодов чІеялдаса ватІалъулаан». ГІабдуразакъица абуна: «Рамазан щведал Суфяну Саврияв, цоги гІамал гьаби тун, Къуръан цІалиялде вуссунаан».

Къуръан буго Аллагьасул калам. Аварагасе (с.т.гІ.в.) кьурал мугІжизатазул бищун кІудияб. Щивав бусурбанчияс кквезе ккола гьеб жиндиего нурлъун ва лъазе ккола гьелъул хиралъи ва битІун цІализе. Гьединлъидал, щивас хІадурлъи гьабизе рекъараб буго Рамазан моцІ тІаде бачІинегІан, хьвадизе ккарав мугІалимасухъе дарсиде ун, Къуръан цІали мухІкан гьабун хІадурлъун рукІине.

Аварагас (с.т.гІ.в.) хирияб хІадисалда абун буго: «Къуръан буго Аллагьасда цебе жиб цІаларасе шапагІат гьабулеб, жиб нухлъун ккурав Алжаналдеги вачунеблъун...», - абун (ТІабарани).

ХІакимица бицараб цогидаб хІадисалда буго: «... цІале гьеб (Къуръан), Аллагьас гьеб цІалиялъухъ кири кьола, щибаб хІарп рикІкІун анцІго ажру хъвала...», - абун. Амма цІалулелъул букІине ккола гІицІаб Аллагьасе гІоло, Гьесул разилъи тІалаб гьабун, Гьесул амруялда нахърилълъун абураб ният. Къуръан цІалулелъул цІунизе рихьизарурал адабал цІуни гуребги, чиясе рекъараб буго пикрабазулъ ихлас цІунизеги.

Абу Давудица бицун буго Рамазан моцІалъ Мужагьидица гІемерисеб нухалъ бакъанил, маркІачІул каказда гьоркьоб цІалун лъугІизабулаанин тІубараб Къуръан абун. Цо-цо чагІи рукІана жидеца Къуръан цо ракагІаталда жаниб цІалун лъугІизабулелги. Гьединаздасан вукІана ГІусман ибну ГІафан, Тамими Дарияв, СагІид ибну Жубайр гІадал асхІабзаби. Гьединаб макъамалде рахарал чагІи нилъеда гьоркьор дагьал ратила, бугониги, рекъараб букІина щивас жиндиего заманалъул ва цІализе бугеб къадаралъул хІисаб гьабураб график бахъани, хирияб Рамазан моцІалъ тІубараб Къуръан цІалун лъугІуледухъ.

Аллагьас кумек гьабеги.

. . . . . . . . . .

# ГІибадаталде кин сверизарилел?

ЧІужугІадан йикІуна рукъалъул хІалтІаби тІуралей. РацІцІа-ракъалъи, квен, лъималазул ургъел, росасе хъулухъ гьаби гІадал. Гьел ишал дунялалъулаллъун ва кІвар гьечІеллъун рихьизеги бегьула, амма исламалда бищунго гІадатал ишалцин лъугьине рес буго гІибадатлъун - гьел Аллагь разилъиялъул къасдгун гьарулел ругони.

Ниятальул къуваталъул хІакъалъулъ МухІаммад аварагас абуна: «ХІакъикъаталдаги, ишазул къимат гьабула гьезул къасдаздалъун, щивав чиясе кьезе буго гьес къасд гьабураб жо», - ян (Бухари, Муслим). Гьеб хІадис ккола нияталъ щибаб къойил гьарулел ишал гІибадаталде руссинаризе бегьулеб куц бичІчІиялъе кьучІлъун. Рукъ бацІцІад гьабулей, квен гьабулей, лъималазул тІалаб-агьаз гьабулей чІужугІаданалъе кири щвезе бегьула, гьелъ гьеб Аллагьасе гІоло, БетІергьан разилъи тІалаб гьабун гьабулеб бугони.

ГІибадатлъун лъугьунел рукъалъул хІалтІабазул мисалал.

I.Хъизан хІалалаб квеналдалъун гІорцІизабизе, гІагарлъиялъул сахлъи лъикІлъизабизе, рахІатаб ахІвал-хІал гІуцІизе къасдгун квен гьаби.

2.Рукъ бацІцІад гьаби-Аллагьасе бокьулеб рацІцІа-ракъалъи цІуниялъул ва рукъалъул магІишаталъе гІумру бигьа гьабиялъул, сахлъиялъе квалквал ккечІого букІиналъул нияталда.

3.Лъималазул ургъел гьаби-ритІухъаб гІел гІезабиялъул ва гьезулъ исламалде рокьи бижизабиялъул къасдгун.

4.Росасул ургъел гьаби-хъизан щула гьабиялъул къасдгун, Аварагасул (с.т.гІ.в.) лъудбуздаса мисалги босун, кІванагІан гьесул разилъи тІалаб гьаби. Рос разилъиялъулъ Аллагь разилъи букІин кьочІоеги босун, ракІ-ракІалъ гьесие хъулухъ гьаби. Ва гьедин щибаб ишалъулъ Аллагь разияб къасд балагьила, ният цІи гьабила.

5.ХІукуматалъул хІалтІабазда ругезеги рес буго бокьараб хІалтІи гІибадаталде сверизабизе. Аллагьасул лагъзазе бищун пайда цІикІкІарав, цІикІкІун Аллагьасе (с.т.гІ.в.) вокьулин абураб хІадисалда нахъги йилълъун, кумек гьабизе, гІадамазул хІажат тІубазеян ният гьабуни, гІаммаб хІалалъ течІого.

Щибаб къоялъул хІалтІаби зикруялдалъун берцин гьаре: рацІцІа- ракъалъи гьабулеб мехалъ яги квен гьабулелъул, салават битІе, такрар гьабе «СубхІанАллагь», «АлхІамдулиллагь» ва «Аллагьу Акбар», силсила цІале ва Къуръаналъул рекІехъе лъалеб цІале. Гьелда даимлъани, баракат хІасуллъила. Какие чуриялдаги гьабе квен. Гьедин гьабуни, гьеб кванаравщинасул лъикІаб хІал лъугьина. Къоялъго къасд цІигьабе, хасго свакараб яги цщим бахъараб мехалъ. Бусурбабазул хаслъи ккола гІумруялъул бокьараб иш гІибадаталде сверизабизе рес бугеллъун гьел рукІин. Цого-цо хІажалъулеб жо - битІараб ният гьаби.

ХІакъикъияб къасдгун гІумру гьабулей чІужугІадан лъугьуна гІицІго рукъалъул хІалтІухъан гурейги, Аллагьасул нухда лагълъунги. Гьелъул богорукъ ккола садакъаялъул бакІ, кверал ккола ургъел гьабиялъул алат, ракІ - ихласалъул, разилъиялъул ва Аллагьасе мутІигІлъиялъул аслу. Биччанте щибаб багъа-бачари Аллагь разилъиялде лъолеб галилълъун букІине.

«ХІакълъунго, Аллагь нужер черхалъухъги гьурмахъги валагьуларо, нужер ракІазухъ ва гІамалазухъ валагьула». **(Муслим).**

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

# Парангил ирсиласде

Зобалазде арал минбарабазда,
Ихилил цІар буго цІвабзазда гьоркьоб.
Парангил ирс щварав, иман щулияв
Меседил кверазул камилав устар!

Щибаб ригь бачІиндал ахІулеб какилъ,
Какде рачІараца гьабулеб дугІа.
ГанчІазда рухІ лъолеб, рухІияб къуват,
Къудратав Аллагьас кьун буго дуе...

Аза-азар гамачІ бикІкІулеб буго,
БокІон рекъезабун берзул ишаналъ,
ГанчІазул накъишал, хІанчІазе картІал
ХІисабги, гІелмуги, гІасрабазе дарс...

Дунял тун аниги, кІудав инсуца,
Ирсалъе тун буго таманаб махщел.
Дур меседил квераз, какил гІуж щведал
Аллагьу Акбаралъ какде ахІула...

Дур беразе канлъи, кверзуе махщел,
Киридул ишазда аги дур гІумру!
СиратІ бахунаго, как ахІаги дуй,
ТІолго гІаламалда гІинда рагІизе...

**ГІабдула Зубаиров**

# Полковник ХІажимухІамадиде

Бандазда цІа гъолев гъалбацІ вукІиндал,
Хехго тана дуца пана дуниял.
БокьичІо дур гІумру бацІцІадаб намус,
Улкаго бикъулел хъамалчагІазе.
ГІарцуе къуличІев, къабихІлъи лъачІев,
Чороклъи биччачІев тІадмагІарулав.
РитІухълъи цІунизе борхараб хвалчен,
ГІодобе рехичІев лебалав инсан.
ГІарцухъ мун восизе кІолареблъи лъан,
Къойилго дур къадру борхулеб бихьун,
Мун тІадегІанлъилин хІинкъарал чагІаз,
ГІужие восарав хІакъав багьадур.
ГІадамал рокьулев, гІаданлъи бугев,
«Бихьинчилъи» орден каранда барав.
Полковникасул цІар хутІила даим,
РитІухълъи бокьулел чагІазул рекІелъ.
Районалъул чІухІи чІагояв инсан,
ГІаданлъи цІикІкІиналъ цІар тІибитІарав,
Хъубал пишабазда гьоркьов къачІелъул,
Божи букІана дуй рекІ гьабиларин.
ХІажимухІамадил бахІарчияб хвел,
Лъийго къуличІого къаникье арав.
ХІинкъи - къай лъаларев нартав гІадав вас,
РекІал тушбабаца гІужий восана.
Дагъистаналъегун, росуцоязе
Ками кІудаб ккана мун ракьулъ лъедал,
Эхетана зани росдал хабалалъ
Дагъистан чІухІараб магІаруласул.

**МухІамад Коратов**

**Миграционный пункт**

## Право несовершеннолетних иностранных граждан на образование

В России все родители, вне зависимости от того, являются они гражданами нашей страны или нет, обязаны обеспечить право ребенка на получение образования. Обязательными у нас в стране являются три уровня образования:

-начальное общее образование (1-4 классы).
-основное общее образование (5-9 классы);
среднее общее образование (10-11 классы).

Это значит, что, если иностранный гражданин прибыл в Россию с ребенком старше 6,5 лет и планирует жить с ним в течение всего времени пребывания здесь, родители в обязательном порядке должны устроить его в школу. Отдать ребёнка в школу можно с шести с половиной лет, но не позже восьми лет.

При поступлении в образовательное учреждение необходимо будет собрать пакет документов, а ребенку пройти обязательное тестирование на знание русского языка. Для того, чтобы пройти тестирование, необходимо подать заявление на прием ребенка в школу, закрепленную по месту регистрации. **Сделать это можно на портале «Госуслуги».**

Для подачи заявления необходимо собрать следующий пакет документов:

-копию документа, подтверждающего право представлять интересы ребёнка: свидетельство о рождении ребёнка, в котором указаны родители;
-копии документов, подтверждающих право находиться в России, - родителей и ребёнка, например, вид на жительство (ВНЖ), разрешение на временное проживание (РВП), визу или миграционную карту;
-копию документа, подтверждающего прохождение ребёнком дактилоскопической регистрации;
-копию документа, удостоверяющего личность ребенка: паспорта или свидетельства о рождении;
-при наличии, копии СНИЛС - родителей и ребёнка;
-копию документа, подтверждающего присвоение родителю ИНН;
-медицинское заключение об отсутствии у ребенка опасных инфекционных заболеваний;
-при наличии, справку с места работы или трудовой договор;
-при наличии, копии документов, подтверждающих изучение ребенком русского языка в образовательных организациях иностранного государства (со 2 по 11 класс) до переезда в Россию.

Все документы необходимо представить на русском языке. Если документы составлены на родном языке ученика, потребуется в обязательном порядке приложить к ним их нотариально заверенный перевод на русский язык.

После подачи заявления, школа в течение пяти дней проверяет комплектность представленных документов, и, если все в порядке, еще в течение двадцати пяти дней проверяет их достоверность. На портале «Госуслуги» в статусе |вашего заявления будет отображаться статус «На проверке».

За неисполнение родителями обязанности по обучению ребенка, будут привлечены к административной ответственности, а также попадут под наблюдение правоохранительных органов.

В случае представления неполного комплекта документов, общеобразовательная организация возвращает заявление без его рассмотрения. Данная информация отобразится в личном кабинете на портале «Госуслуги».

**З. Магомеднабиев,** начальник миграционного пункта

**Газпром**

## Самовольная газификация и использование несертифицированного газового оборудования приводят к трагедиям!

ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» обращается к жителям с просьбой не использовать самодельное, несертифицированное газовое оборудование, а также категорически запрещает самовольную врезку в газопроводы.

Едва только температура на улице начинает падать, как люди начинают забывать о необходимости соблюдения правил безопасного использования газового оборудования.

Частой причиной трагедии становится незаконная газификация, самовольный перенос, установка или ремонт газовых приборов, проведенный неквалифицированными специалистами.

Учитывая повышенную опасность подобных деяний, наказание за случаи самовольного подключения было ужесточено федеральным законом, вплоть до лишения свободы.

При малейшем подозрении на утечку газа обращаться к специалистам газовой службы по номерам 04 и 104.

**Спорт**

## ГІусман НурмухІамадовас чемпионасул титул цІунана




7 февралалда Дубаялда тІобитІана PFL гІуцІиялъул кІудияб турнир. Гьениб аслияблъун букІана тІадагьаб цІайиялда дандчІвай. Гьеб гІуцІиялъул гьабсагІат вугев чемпион, рейтингалъул тІоцебесеб номер ГІусман НурмухІамадовас цІунана чемпионасул титул. Гьев дандчІвана британиялъул речІчІухъан Альфи Девисгун. ДандчІвай лъугІана лъабабилеб раундалда ГІусманил техникияб бергьенлъигун (квераз гьанкъизави).

ГІусманица бихьизабуна жив PFLалъул речІчІухъаби гІунтІулареб даражаялда вукІин. Бихьулеб буго гьев UFCалде гІагарлъулев вукІин.

Гьеб ккола НурмухІамадовасул цониги къей гьечІого къоло цоабилеб нухалъ ккураб бергьенлъи.

РакІ-ракІалъ баркула ГІусманида иргадулаб бергьенлъи!

## Вацлъиялъулаб Кубок



Щибаб гьатІанкъоялъ ракІарула КІочІали спортзалалда росабалъа гІолохъаби торгІо хІазе.

8 февралалда гьениб тІобитІана гІадатияб «Вацлъиялъул хІаял» абураб турнир. Гьенир гІахІаллъана РичІагьанихъ, ТІинди, Маштихи, МЧС, Къеди, Силди, Гъоркьхъварщини, ТІадхъварщини, ва Гьигьилъ командаби. Гьаб нухалда кубок босана ТІадхъварщини росдал командаялъ.

Турнир букІана гІицІго спортивияб тадбир гуребги, гьоболлъиялъул ва вацлъиялъул щулияб гІадатазул гвангъараб мисаллъунги. КІочали росдал жамагІаталъ гьудул-гьалмагълъиялъул ахІвал-хІалалда къабул гьаруна росабалъа гІолохъаби, гьабуна гьезие лъикІаб гьоболлъи..

Районалъул спорталъулгун гІолилазул ишазул отделалъ ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабулеб буго берцинго гьеб тадбир гІуцІарал КІочІали



росдал гІолохъабазе, хасго КІочІали росдал администрациялъул бетІер ГІабдусаламов Рамазание ва росдал хІаракатчи ХІамзатов ГІабдулкаримие.

**Шамил Бадрудинов**

БетІерав редактор Малачдибиров ГІубайдула СагІадулаевич (87273) 2-52-44

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухІамадовна

Техникияй редактор МухІамадова Батул МухІамадовна

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦІумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватІ, 4

«ЦІумадисезул гьаракь» газета гІуцІарал: Дагъистан Республикаялъул

«ЦІумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватІибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахІачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1022

Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагІалие) 63302 (лъагІалие)

Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул балъголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.